# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

## ДЕНЕТӘРБИЯ ҲӘМ СПОРТ ҲАҚҚЫНДА
(жаңа редакция)

Бул редакция 01.12.2000-ж. 78/II-санлы ҚР Нызамы менен тастыйықланған

### Улыўма режелер

**1-статья. Денетәрбия ҳәм спорт ҳаққындағы нызам актлери**

Денетәрбия ҳәм спорт ҳаққындағы нызам актлери усы Нызам ҳәм басқада нызам ҳүжжетлеринен ибарат.

Егер халықаралық шәртнамаларда Қарақалпақстан Республикасының денетәрбия ҳәм спорт ҳаққындағы нызам актлеринде нәзерде тутылған талаплардан басқаша қәделер белгиленген болса, онда халықаралық шәртнама режелери қолланылады.

**2-статья. Пуқаралардың денетәрбия ҳәм спорт тараўындағы ҳуқықлары**

Қарақалпақстан Республикасының пуқаралары жынысына, жасына, миллетине, динине, шығысына, исенимине, жеке ҳәм жәмийетлик жағдайына қарамастан денетәрбия және спорт пенен шуғылланыў, денетәрбия-спорт жәмийтелик бирлеспелерин дүзиў, денетәрбия-спорт ҳәрекетин басқарыўға қатнасыў ҳуқықына ийе. Шет ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслар денетәрбия ҳәм спорт тараўында Қарақалпақстан Республикасының пуқаралары менен тең ҳуқықлы.

**3-статья. Денетәрбия ҳәм спорт тараўындағы мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы принциплери**

Денетәрбия ҳәм спорт тараўындағы мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы принциплери төмендегилерден ибарат:

инсаныйлық;

демократизм;

пуқаралар денетәрбиясының үзликсизлиги ҳәм избе-излилиги;

денетәрбия ҳәм спорт дүзиминде мәмлекетлик және жәмийетлик басқарыўдың сәйкеслиги.

**4-статья. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң дене тәрбия ҳәм спорт тараўындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң денетәрбия ҳәм спортты рәўажландырыўдың мәмлекетлик бағдарламаларын ислеп шығады және әмелге асырады;

денетәрбия ҳәм спортты басқарыў бойынша мәмлекетлик уйымларды дүзиў, қайта тиклеў және тоқтатыў тәртибин белгилейди;

денетәрбия бойынша қәнигелерди таярлаў, олардың билимин жетилистириў ҳәм аттестациядан өткериў тәртибин белгилейди;

денетәрбия ҳәм спортты раўажландырыўды, оларды қаржы менен тәмийинлеўди белгиленген тәртиплер тийкарында әмелге асырады;

нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

**5-статья. Денетәрбия ҳәм спортты басқарыў бойынша ўәкилликли мәмлекетлик уйымларының ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Денетәрбия ҳәм спорт бойынша мәмлекетлик комитети денетәрбия ҳәм спортты басқарыў бойынша ўәкилликли мәмлекетлик уйым есапланады.

Қарақалпақстан Республикасы Денетәрбия ҳәм спорт бойынша мәмлекетлик комитети:

денетәрбия менен спортты раўажландырыўдың анық мақсетине қаратылған бағдарламаларды ислеп шығады ҳәм иске асырады;

денетәрбия спорт жәмийетлик бирлеспелери менен бирликте Қарақалпақстан спортшыларын Өзбекстан сайланды командасы қурамында Олимпиада ойынлары ҳәм басқа да халықаралық жарысларға таярлаўдың анық мақсетине қаратылған бағдарламаларын ислеп шығады және олардың орынланыўын тәмийинлейди;

спорт түрлери бойынша Қарақалпақстан Республикасының сайланды командасының қурамын тастыйықлайды, олардың Өзбекстан көлеминдеги ҳәм халықаралық спорт жарысларына қатнасыўға таярлық көриўин тәмийинлейди;

халықтың ҳәр қыйлы қатламларының физикалық раўажланыў дәрежесин анықлаў ушын спорт нормативлерин ислеп шығады ҳәм тастыйықлайды;

денетәрбия ҳәм спорт кадрларын таярлаўды, билимин жетилистириўди және аттестациядан өткериўди шөлкемлестиреди;

спортшыларды таярлаў орынларын, денетәрбия ҳәм спорт тараўы бойынша оқыў орайларын ҳәм илимий шөлкемлерди дүзеди;

денетәрбия ҳәм спорт машқалалары бойынша илимий, методикалық және ҳәмме бап әдебиятларды дөретиўди, сондай-ақ баспадан шығарыўды шөлкемлестиреди;

өз ўәкилликлери шеклеринде денетәрбия ҳәм спортқа тийисли норматив ҳүжжетлерди, соның ишинде денетәрбия-саламатландырыў ҳәм де спорт қурылмаларынан пайдаланыў нормалары менен қәделерин ислеп шығады және тастыйықлайды;

денетәрбия ҳәм спорттың илимий мәлимлеме системасын шөлкемлестиреди;

нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыды.

**6-статья. Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының денетәрбия ҳәм спорт тарўындағы ўәкилликлери**

Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары өз ўәкилликлери шеклеринде:

өзлерине қараслы аймақта денетәрбия ҳәм спортты раўажландырыўға басшылық етеди;

денетәрбия ҳәм спортты раўажландырыўды жергиликли бюджеттен қаржы менен тәмийинлейди;

денетәрбия ҳәм спорт бойынша жәмийетлик бирлеспелердиң дүзилиўине жәрдем береди;

жергиликли кәрханаларда денетәрбия-саламатландарыў, спорт ҳәм туристлик әҳмийеттеги буйымларды ислеп шығарыўға жәрдем береди;

денетәрбия ҳәм спорттың материаллық базасын кеңейтиў денетәрбия-саламатландырыў илажларын өткериў ушын юридикалық ҳәм физикалық шахслар тәрепинен ықтыярлы түсирилген қаржыларды топлайды;

халық арасында спорт нормативлерин тапсырыўды шөлкемлестиреди;

ҳәўескерлик денетәрбия ҳәм спорт ҳәрекетин раўажландырыў ушын пуқаралардың жасаў ҳәм дем алыў орынларында шараят жаратып береди;

зәрүр оқыў-материаллық базасын тәмийинлеген ҳалда жас өспиримлер спорт мектеплерин ҳәм денетәрбия спорт шөлкемлерин дүзеди және қаржы менен тәмийинлейди;

нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

**7-статья. Денетәрбия ҳәм спорт жәмийетлик бирлеспелери**

Денетәрбия ҳәм спорт жәмийетлери, спорт түрлери бойынша федерациялар, шөлкемлер, қорлар, денетәрбия-саламатландырыў спорт клублары және тийкарғы мақсети денетәрбия ҳәм спортты раўажландырыўдан ибарат болған жәмийетлик бирлеспелер, сондай-ақ Өзбекстан Республикасы қорғаныўына көмеклесиўши "Ватанпарвар" шөлкеми менен спорттың техникалық ҳәм де әмелий түрлерин раўажландырыўшы спорт-техника клублары денетәрбия ҳәм спорт жәмийетлик бирлеспелери қурамына киреди.

Денетәрбия ҳәм спорт жәмийетлик бирлеспелери өз уставларына муўапық пуқаралар арасында денетәрбия-саламатландарыў ҳәм спорт ислерин шөлкемлестиреди және спорт резервлерин таярлаўды әмелге асырады.

**8-статья. Қарақалпақстан Республикасы олимпия ҳәрекети**

Қарақалпақстан Республикасы олимпия ҳәрекети халықаралық ҳәм Өзбекстан Республикасы олмпия ҳәрекетиниң бир бөлими болып, олимпия идеяларын ҳәм принциплерин басшылыққа алады.

Қарақалпақстан Республикасы спортшыларын олимпия ойынларына қатнастырыў мақсетлерин гөзлейди.

Өзбекстан Республикасы Миллий олимпия комитети басшылығындағы Қарақалпақстан Республикасы олимпия ҳәрекетине ықтыярлы тийкардағы спортшылар, спорт түрлери бойынша федерациялар ҳәм шөлкемлер киреди.

Қарақалпақстан Республикасы олимпия ҳәрекети мәмлекеттен тыс коммерциялық емес шөлкем болып, өз ҳәрекетин Қарақалпақстан Республикасының нызам актлерине, халықаралық олимпия комитетиниң олимпия партиясына ҳәм өз уставына муўапық әмелге асырады. Сондай-ақ Халықаралық олимпия комитетиниң олимпия символы, сүрени, байрағы, гимни, "Олимпия", "олимпияда" атамаларынан пайдаланыўға болған меншиклик ҳуқықын Қарақалпақстан Республикасы аймағында юридикалық жақтан қорғаў илажларын әмелге асырады.

**9-статья. Денетәрбия ҳәм спортты, саламат турмысты үгит-нәсиятлаў**

Денетәрбия ҳәм спортты басқарыўшы мәмлекетлик уйымлар денсаўлықты сақлаў уйымлары, билимлендириў орынлары ҳәм денетәрбия менен спорт жәмийетлик бирлеспелери денетәрбия ҳәм спорт пенен шуғылланыўды және саламат турмысты кең түрде үгит-нәсиятлаўды шөлкемлестиреди.

Спортта аяўсызлық ҳәм зулымлықты, инсанның қәдир-қымбатын кемситиўди, инсан саламатлығына зыян келтиретуғын стимуляторларды қолланыўды үгит-нәсиятлаўқадаған етиледи.

**10-статья. Оқыў орынларындағы денетәрбия**

Оқыў орынларындағы денетәрбия үзликсиз оқыў системасының ең әҳмийетли мәжбүрий бөлими болып, мәмлекетлик оқыў стандартлары, оқыў жобалары ҳәм бағдарларына муўапық жоқары маманлықтағы қәнигелер тәрепинен әмелге асырылады. Денетәрбия бойынша мәжбүрий сабақлар, сабақтан тысқары шуғылланыўлар ҳәм тест сынақлары барлық оқыў орынларында оқыўшылардың физиологиялық имканиятларына сәйкес рәўиште өткериледи.

Оқыў орынлары әскерий хызметке шақырыў жасына жетпеген жасларды физикалық жақтан таярлайды.

**11-статья. Кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынынденетәрбия ҳәм спортты раўажландырыўға қатнасы**

Кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер пуқаралардың денетәрбиясына мәмлекеттиң әҳмийетли социаллық сиясаты сыпатында қарайды ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары,денетәрбия ҳәм спорт жәмийетлик бирлеспелери, кәсиплик аўқамлары, жаслар менен ислесиўши басқада шөлкемлер қатнасында денетәрбия ҳәм спортты раўажландырыў бойынша мәмлекетлик бағдарламаларды әмелге асырады және усы тийкарда денетәрбия ҳәм спортты басқарыў бойынша жергиликли мәмлекеилик уйымлар менен

бирликте денетәрбия ҳәм спортты раўажландырыўға байланыслы өз бағдарламаларын ислеп шығады.

Пуқаралардың жасаў аймақлары менен олардың массалық дем алатуғын орынларында денетәрбия ҳәм спорт шынығыўлары ушын шараят жаратыў жәнe шөлкемлестириў жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, мәҳәлле кеңеслери ҳәм де пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен әмелге асырылады.

**12-статья. Санаторий-курорт мәкемелеринде, дем алыў үйлери ҳәм туристлик базаларда спорт саламатландырыў жумыслары**

Барлық санаторий-курорт мәкемелеринде, дем алыў үйлери туристлик базаларда денетәрбияның материаллық базасы, жеке ҳәм топар менен өткерилетуғын спорт саламатландырыў шынығыўлар ушын зәрүрли шараятлар жаратылады.

Санаторий-курорт мәкемелеринең дем алыў үйлери ҳәм туристлик базалардың ҳәкимшилиги дем алыўшылардың саламатлығын беккемлеў, кеселликлердиң алдын алыў ҳәм даўалаў ушын дене шынықтырыўдан, денетәрбияның басқа да компонентлеринен пайдаланыўы мүмкин.

**13-статья. Майыплар ушын денетәрбия ҳәм спорт**

Майыплар ушын денетәрбия ҳәм спортты раўажландырыў олардың социаллық жақтан жетилисиўине ҳәм физикалық жақтан қайта тиклениўине бағдарланған болып, ҳәрекеттени нызамларға муўапық иске асырылады.

Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары майыплардың денетәрбия ҳәм спорт пенен шуғылланыўы ушынарнаўлы денетәрбия саламатландырыў спорт қурылмалары дүзилиўин, сондай-ақ массалық пайдаланыў қурылмаларында басқа да шараятлардың жаратылыўын тәмийинлейди.

**14-статья. Денсаўлықты сақлаў уйымлары మененмәкемелердиң, Денетәрбия ҳәм спорт бойынша мәмлекетлик комитетиниң спортты раўажландырыўға қатнасы**

Денсаўлықты сақлаў уйымлары ҳәм мәкемелери:

денетәрбия тийкарында саламатлықты беккемлеў, кеселликлердиң алдын алыў ҳәм оларды емлеў қуралы сыпатында пайдаланады;

халықтың ҳәр қыйлы қатламларында денетәрбияның раўажланыўы барысын таллайды ҳәм тийисли мәмлекетлик басқарыў уйымларына усыныс киргизеди;

денетәрбия ҳәм спорт пенен шуғылланатуғын пуқараларды медициналық жақтан қадағалап барады;

спорт бойынша сайланды командалардың халықаралық жарысларға таярлығын медициналық жақтан тәмийинлейди;

денетәрбия ҳәм спорт тараўындағы денсаўлықты сақлаў қәнигелерин таярлаў, қайта таярлаў, билимин жетилистириў ҳәм оларды аттестациядан өткериўди әмелге асырады;

дене шынығыўлардың арнаўлы бағдарламаларын ислеп шығады, саламатландырыў орайларын, медициналық дене тәрбия диспансерлерин дүзеди, оларды арнаўлы аппаратлар ҳәм әсбап-үскенелер менен тәмийинлейди.

**15-статья. Денетәрбия ҳәм спорт шынығыўларын, спорт жарысларын және киргизбели спорт ойынларын өткериўде қәўипсизлик нормалары менен қәделерин сақлаў, пуқаралардың денсаўлығын, абырайын, ар-намысын қорғаў**

Денетәрбия-саламатландырыў ҳәм спорт имаратларының ҳәкимшилиги шынығыў ҳәм жарыслар өткерилетуғын орынларда денетәрбия ҳәм спортты басқарыў бойынша мәмлекетлик уйымлар тәрепинен тастыйықланған техника қәўипсизлиги қәделери менен санитария-гигиена нормаларына муўапық тийисли техникалық үскенелер менен тәмийинлейди.

Денетәрбия ҳәм спорт шынығыўлары ҳәм спорт жарыслары олардың қатнасыўшылары менен тамашагөйлердиң денсаўлығына, абырайы ҳәм ар-намысына зыян келмейтуғын етип өткерилиўи зәрүр.

Белгленген тәртипте аттестациядан өткерилген пуқаралар спорт жарысларына төрешилик етиўге жибериледи.

**16-статья. Спортта қолланыў қадаған етилген қураллар**

Спорт пенен шуғылланыўда денетәрбия ҳәм спортты басқарыў бойынша мәмлекетлик уйымлар, халықаралық спорт шөлкемлери тәрепинен қадаған етилген қуралларды қолланыўға жол қойылмайды.

Жоқары спорт көрсеткишлерине ерисиў мақсетинде стимуляторлардан, допинг затлардан, Халықаралық олимпия комитети тәрепинен қадаған етилген басқа да дәрилерден пайдаланған спортшы жарыстан шетлеттириледи.

Стимуляторлар, допинг затлар ҳәм басқа да қадаған етилген дәрилерди таратқан ямаса қолланыўға билқастан көмеклескен пуқаралар нызамға муўапық жуўапкершиликке тартылады.

**17-статья. Ҳәўескерлик ҳәм профессионал спорт**

Қарақалпақстан Республикасының пуқаралары ҳәўескерлик ҳәм профессионал спорт пенен спортшы, тренер ямаса төреши сыпатында шуғылланыў ҳуқықына ийе.

Профессионал спорт тараўындағы кәрхана, мәкеме ҳәм шөлкемлерди дүзиў және оларға хызмет көрсетиў шәртлери нызам менен белгиленеди.

Спорт түрлери бойынша спортшы, тренер ҳәм төрешилик кәсиплерине қойылатуғын қәнигелик талаплар денетәрбия ҳәм спортты басқарыўға қатнаслы мәмлекетлик уйымлар тәрепинен белгиленеди.

**18-статья. Жоқары дәрежели спортшыларды таялаў**

Жоқары дәрежели спортшыларды таярлаў қәнигелестирилген оқыў мәкемелери (олимпия резерви колледжлери, жоқары спорт маманлығы мектеплери, олимпия таярлығы орайлары ҳәм басқалар) тәрепинен әмелге асырылып, олардың ҳәрекет етиў тәртиби денетәрбия ҳәм спортты басқарыўға қатнаслы мәмлекетлик уйымлар тәрепинен белгиленеди.

Денетәрбия ҳәм спортты басқарыў бойынша мәмлекетлик уйымлар спорт бойынша сайланды команда ағзаларының спорт пенен шуғылланыўы, билим алыўы, мийнет етиў ҳәм әскерий хызметин нәтийжели өткериўи ушын зәрүрли шараятлар жаратыў мақсетинде спортшылар ислейтуғын, билим алмтуғын, әскерий хызметин өтеп атырған кәрхана, мәкеме, шөлкем ҳәм әскерий бөлимшелер менен тийисли шәртнамалар дүзиўи мүмкин.

**19-статья. Денетәрбия ҳәм спортты қаржы менен тәмийинлеў республикалық және жергиликли бюджетлер есабынан әмелге асырылады. Мәмлекетлик бюджетте денетәрбия ҳәм спорт өз алдына айырым статья болып табылады**

Денетәрбия ҳәм спортты қаржы менен тәмийинлеў дереклерине төмендегилер киреди:

исбилерменлик ҳәм басқа да хожалық жумысларынан алынатуғын дәраматлар;

халықа төлемли денетәрбия-саламатландырыў хызметин көрсетиўден түсетуғын қаржылар;

белгиленген тәртипте спорт лотереяларын ойнаўдан түсетуғын қаржылар;

халықтың, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлердиң ықтыярлы төлемлери, жәмийетлик денетәрбия ҳәм спорт бирлеспелерине қатнасыўшылардың ағзалық төлемлери;

спорт түрлери бойынша арнаўлы қор қаржылары көргизбели спорт илажларын өткериўден түсетуғын дәраматлар;

қәўендерлик қоллап-қуўатлаўлар;

спорт нышанлары менен эмблемаларынан пайдаланғаны ушын кәрхана ҳәм шөлкемлердиң түсиримлери;

шет ел инвестициялары ҳәм халықаралық қорлардың қаржылары;

халықаралық шөлкемлерден келетуғын түсиримлер;

нызам актлерине муўапық басқа да қаржылар.

**20-статья. Денетәрбия ҳәм спорт имаратлары**

Денетәрбия-саламатландырыў спорт имаратлары улыўма ямаса жеке меншик мүлик болыўы мүмкин.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыўуйымлары тәрепинен мәмлекет ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў бағдарламаларын ислеп шығыў және оларды әмелге асырыўда денетәрбия-саламатландырыў ҳәм спорт имаратларын

жаңа ийелерине өтиўин, имаратлардан өз мақсетинде пайдаланылыўды сақлап қалыўын тәмийинлейтуғын тәртип ҳәм шәртлер белгиленеди.

Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары өз аймақларындағы денетәрбия саламатландырыў ҳәм спорт саласындағы объектлердиң жобаластырылыўы, қуралыўы және пайдаланыўға тапсырылыўы үстинен қадағалаўды әмелге асырады.

Зәрүрли денетәрбия-саламатландырыў ҳәм спорт объектлери комплексин қурмай турып билимлендириў мәкемелерин, турақ жай массивлерин қурыўға ҳәм қайта қурыўға, сондай-ақ денетәрбия-саламатландырыў объектлерин сол аймақ дөгерегинде оларға тең объектлерди қурмай турып сапластырыўға жол қойылмайды.

Билимлендириў мәкемелери, кәрханалар, турақ жай массивлериниң тийкарғы денетәрбия-саламатландырыў яки спорт объектлери менен ең кем тәмийинлеў нормативлери спорт ҳәм спортты басқарыў бойынша мәмлекетлик уйымлар тәрепинен белгиленеди.

**21-статья. Денетәрбия ҳәм спорт тараўындағы педагогикалық хызмет**

Денетәрбия ҳәм тараўында педагогикалық хызмет пенен тийисли мағлыўматқа ҳәм қәнигелик таярлыққа ийе болған пуқаралар шуғылланыўға жол қойылады.

Денетәрбия тараўындағы педагогикалық хызмет пенен емлеў ислерине тийисли мағлыўматқа ҳәм қәнигелик таярлыққа ийе пуқаралардың нызамда белгиленген тәртипте шуғылланыўына жол қойылады.

**22-статья. Халыққа төлемли хызмет көрсетиў**

Халыққа денетәрбия-саламатландырыў бойынша төлемли хызметлер денетәрбия ҳәм спорт шөлкемлери, физикалық шахслар тәрепинен көрсетиледи.

Денетәрбия ҳәм спорт-саламатландырыў бойынша төлемли хызмет түрлериниң дизими денетәрбия ҳәм спортты басқарыў бойынша мәмлекетлик уйымлар тәрепинен белгиленеди.

**23-статья. Жеңиллик берилген денетәрбия ҳәм спорт хызметлери**

Он алты жасқа толмаған балаларға, майыпларға, жетим балаларға, пенсионерлерге, екинши жер жүзилик урыс қатнасыўшылары ҳәм майыплары менен оларға теңлестирилген пуқараларға денетәрбия ҳәм спорт-саламатландырыў хызметлеринен бийпул және жеңилликлишәртлерде пайдаланатуғын пуқаралардың басқа да қатламларының дизими, сондай-ақ жеңиллик муғдары, оларды бериў тәртиби ҳәм тийисли шығынларды қаплаў дәреклери нызам актлери менен белгиленеди.

**24-статья Спортшыларды социаллық жақтан қорғаў**

Мәмлекетлик басқарыў уйымлары, спорт түрлери бойынша федерациялар, жәмийетлик бирлеспелер, сондай-ақ физикалық шахслар спортшыларға материаллық жақтан жәрдем бериў мүмкин.

Мәмлекетлик басқарыў уйымлары, денетәрбия жәмийетлик спорт бирлеспелери, спорт клублары ҳәм орайлары, басқа да қәнигелестирилген спорт шөлкелери менен мәкемелери спортшыларға зәрүрли социаллық турмыс жағдайынларын дүзиўди ҳәм де олардың денсаўлығын қорғаўды тәмийинлеўи шәрт.

Спортшылардың айырым қатламлары нызам актлеринде белгиленген тәртипте жеңиллик пенсиясын алыў ҳуқықына ийе.

Спорт жарысларына қатнасыўшы шахслар қамсызландырыў полислерине ийе.

**25-статья. Халықаралық бирге ислесиў**

Денетәрбия ҳәм спортты басқарыў бойынша ўәкилликли уйым, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, денетәрбия ҳәм спорт бойынша жәмийетлик бирлеспелер, денетәрбия ҳәм спорт машқалалары бойынша халықаралық бирге ислесиўге қатнасады, басқа мәмлекетлерге тийисли шөлкемлер менен туўрыдан-туўры байланысыў, олар менен денетәрбия ҳәм спорт бойынша бирգеликте бирлеспелер дүзиў, биргеликтеги денетәрбия-саламатландырыў жарысларын, ушырасыўларын, матчларын нызам актлеринде белгиленген тәртипте өткериў ҳуқықына ийе.

**26-статья. Даўларды шешиў.**

Денетәрбия ҳәм спорт тараўында келип шығатуғын даўлар нызам актлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

**27-статья. Денетәрбия ҳәм спорт ҳаққындағы нызам актлерин бузғаны ушын жуўапкершилик**

Денетәрбия ҳәм спорт ҳаққындағы нызам актлериниң бузылыўына себепши пуқаралар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.